

IJAMBO RY'INAMA Y'ABEPISKOPI KATOLIKA B'I BURUNDI  
KU MUSI W'IMANA W'UGUSOZERA YUBILE IDASANZWE Y'IKIGONGWE C'IMANA

*NIDUKENGURUKE UYU MWAKA W'IKIGONGWE C'IMANA  
MU GUTERA IMBERE MU KUBA ABANYAKIGONGWE NKA DATA WO MW'IJURU*

Banyecubahiro mwateye iteka uru rubanza rweranda,

Banyakubahwa bavandimwe dusangiye ukwemera Imana: Nitugire Kristu Umwami wa bose na vyose!

Muryango w'Imana wakoraniye ngaha ku Musozi wa Siyoni wa Gikungu,

1. Kuri uyu muni mukuru wa Kristu Mwami wa bose na vyose, twebwe Abepiskopi banyu twashimye ko twokoranira hano ku Kirimba c'Umuvyeyi Bikira Mariya citiriwe Umusozi wa Siyoni w'i Gikungu, kugira ngo dusozerere hamwe Yubire idasanzwe y'Ikigongwe c'Imana, nkuko na none twari twayisanganiriyeye hamwe i Mugerera, ku Kirimba gikuru mu Burundi ca Bikira Mariya w'i Lourdes, kw'igenekerezo rya 8 Kigarama mu 2015.
2. Twakoraniye hamwe uyu muni ngo twifatanye na Nyenubweranda Papa Fransisko aho ariko arasozerera uyu Mwaka w'Ikigongwe ku rwego rw'Ekleziya ishashe kw'isi yose, kugira ngo tugaragaze ko twese tugize wa Muryango umwe w'abasangira-rugendo basangiye ugupfa n'ugukira muri Kristu, kuko twemera ko kuva tubatijwe, Ekleziya ari wo muryango mukuru uturutira n'iyindi miryango yose twamukamwo. Umutima watuzanye uyu muni, ni umutima w'ugukenguruka. Nkuko twasanganiranye urweze uyu Mwaka wa Yubile, ni ko n'uyu muni twuheraheje dukenguruka kandi mbere twongeza tuti: “akaryoshe ntigahora mw'itama”. Iyo biba nk'ibishoboka twari kuwubandanya. Ko ku muni w'Imana uheze twasozereye twese iyi Yubire mu madiyoseze dukenguruka, uyu muni naho, ni muze turi kumwe n'iyi Ntumwa ya Papa be n'Abepiskopi bacu bose, dukenguruke uyu Mwaka wa Yubire ku rwego rw'Ekleziya y'i Burundi.
3. Ariko imbere y'uko ndabaja imbere ngo dukenguruke ivyiza nyezina vy'uyu Mwaka, munkundire mbanze ncishemwo ndabashimire mwebwe mwese muryango w'Imana, mwitavye uru rubanza rweranda rwaduhuje, kuko ndazi ko ata kindi cabazanye atari ukwemera, ukwizigira n'urukundo mufitiye iyo Mana Nyenimpuhwe n'ikigongwe na Ekleziya yayo duhurikiyemwo. Mbanje gukengurukira Nyenicubahiro Intumwa ya Papa yashitse hano, kuko yaje nk'ikimenyetso ca Papa kumwe natwe. Ndakengurukiye Banyenicubahiro Abepiskopi bose baje kuremesha igihugu c'Imana mu kimenyetso c'ubumwe bw'umuryango. Ndakengurukiye Banyakubahwa bose bayoboye igihugu mu nzego zitandukanye, ku bw'ukwemera Imana baje kugaragaza, no ku bw'umutima w'ugukomeza badushigikira berekanye. Ndakengurukiye na Banyakwubahwa abavandimwe bacu dusangiye kwemera Imana mu buryo butandukanye, kubona bigoye bagashika ngaha ngo batwereke ko twese turi abavandimwe mu Mana. Ndakengurukiye rero namwe basaseredoti, bihebeyimana, bakristu balayike, mwaba abasangwa bo muri iyi Diyoseze Nkuru ya Bujumbura, canke abaje baserukira ayandi madiyoseze indwi y'Ekleziya y'i Burundi. Imana ibahe mwese gushenguruka mugabanye umutima w'ikigongwe nk'uwa Data wo mw'ijuru.

**I. Ico twari twiyemeje muri iyi Yubire n'ico dukenguruka**

4. Muryango w'Imana, ngarutse rero ku bukengurutsi nyezina bw'uyu muni, nidukenguruke duherereye ku vyo twari twategekanije muri uyu Mwaka none Imana yadufashije kurangura. Turacibuka twese ko mu gihe twugurura iyi Yubire i Mugerera, twari twigiriye inama ko muri uyu Mwaka w'impuhwe n'ikigongwe vy'Imana wose, twoshimikira kuri ya Nyigisho twahawe n'Umuvyeyi Papa, yitwa “Inyonga z'ikigongwe c'Imana”. Twari twakuye ngaho twiyemeza ko Umwepiskopi wese muri Diyoseze yiwe hamwe n'abasaseredoti biwe, bagiye kuza baragaburira igihugu c'Imana ivyerekeye uno mwaka w'ikigongwe, mu kuzirikana no mu kunoganza iyo

nyigisho ya Papa, ishimikiye kw'Ijambo ry'Imana. Eka mbere n'abakristu, twari twabasavye kuza barisomera iyo Nyigisho, kugira ngo ibafashe gutahura ikigongwe c'Imana, gurtyo barushirizeho kuza baracakira n'ukugerageza guhinduka nk'Imana mu kuba abanyakigongwe. Aho rero ni ho twohera mu kwirimbura kugira ngo dukenguruke tutigirisha.

5. Turakenguruka rero ko twese abakristu, twaronse akaryo ko gusubira kuzirikana inyigisho nyinshi, zidufasha gutegeza ingene Imana ari nyen'impuhwe n'ikigongwe, kandi ko Ikigongwe ari ryo zina nyene ry'Imana. Nkako, kuva Imana icihishurira Musa mu gisaka kirurumba, yivuze iti: « *Ndi Umukama Imana nyene impuhwe n'imbabazi itihutira gushavura, yuzuye ubuntu n'ukuri* » (*Ihunguka 34, 6*). N'amazabuli nta kindi aririmba, atari ico kigongwe c'Imana, mu kuvuga yisubiriza ati: "*Ubuntu bwayo ni ubw'imyaka yose*" (Izab. 136). No mu Bwuzure bushasha, Yezu we karanga ka Data, atwimenyesha nka Kigongwe c'Imana, azanywe n'ukuduha Umwaka w'ikigongwe c'Imana. Arico gituma n'imigani myinshi akoresha mu kuduhishurira Data, yerekeye Imana Munyakigongwe, yitwararika bose na canecane abakomeretse, ikama ihimbarwa n'uko ironse uwo yereka imbabazi ziwe, kugira ngo nawe imutume kuba intumwa z'ikigongwe cayo. Ng'iyi inyigisho ya mbere dukenguruka kandi duhamagariwe kuguma twinovora.
6. Turakenguruka kandi ko uno mwaka waduhaye akaryo ko gusubira kwiyibutsa n'ukurangura ibikorwa vy'ikigongwe, vyaba ivyerekeye umutima, canke ivyerekeye umubiri. Ivyo bikorwa vyarakozwe ahatari hake, mu mibano y'abakristu. Hari abakristu batabaye abagowe, baragaburira abashonje, baraha agahuzu abagenda gusa, baraja kusuhuza abarwaye, baraja kuramutsa abari mu mabohero. Hari n'abandi bakebuye abavandimwe mu kubahanura neza, hari n'abagerageje kwiyumanganiriza abandi, abarekuriraniye, n'abahereje ibisabisho vy'ugusabira abitavye Imana. Nta nkeka ko hari n'ibindi bikorwa vyinshi vyiza vy'ikigongwe bitaboneka, Imana yaranguriye mu mutima w'umwumwe, bizwi n'Imana gusa. Ivyo vyose nitubikenguruke.
7. Ikindi gikuru dukenguruka, ni ingendo nyeranda. Kubera ko mu madiyoseze yose hari huguruwe inzugi z'ikigongwe mu masengeru makuru, uherye kw'isengeru mvyeyi muri diyoseze, abakristu batari bake bararonse akaryo ko kugira ingendo nyeranda, barahabwa isakramentu ry'ikigongwe, baraca mu rugu rweranda rwari rubegereye; baboneraho kugabana bartyo ikigongwe c'Imana hamwe n'induljensiya. Tuboneyeho mbere n'ugushimira abasaseredoti n'abo bafashanya, ku bwira n'urukundo rw'ubutumwa berekanye, kugira ngo imigwi yose y'abakristu ice mu muryango w'ikigongwe: ingo, imibano rukristu, abari mu mihari y'ubutumwa, abalayike mu migwi yose: y'urwaruka, y'abakuze, y'abanyeshure, y'abari mu nzego z'umutekano n'iz'uburongozi, y'abikorera utwabo, y'abari mu mabohero, tutibagiye rero n'abihebeyimana, be n'abasaseredoti.
8. Hari rero n'ikindi ciza kidasanzwe cashitse ku mutima abakristu batari bake twokenguruka. Ni ic'uko abakoze ibicumuro nk''vyo ugukorora n'ugukoroza inda n'ibindi bisa n'ivyo, uyu mwaka wabaye uw'ikigongwe kidasanzwe, mu kubaha akaryo k'uko bashobora guhabwa ikigongwe n'umusaseredoti wese batarinze gutama, ku bw'ingingo idasanzwe y'Umuvyeyi Papa. Vyongeye, uno mwaka wabaye akaryo kadasanzwe k'uko Ekleziya yugurura amarembo yose, kuri abo bose bikuye mu ruhongore, maze irabafasha kugaruka. Bisubiye, hari abakristu bari barahunye, uno mwaka wafashije baraheza bongera gukabura ukwemera kwabo, baragaruka mu muryango w'ab'Imana. Hariho abakristu bari bubatse badakurikije ubutungane bw'Imana, uno mwaka wafashije baca barasubiza ibintu mu buryo; hakaba n'abandi vyari vyagoye barahukana, none ubu basubije hamwe kubera inema y'ikigongwe c'Imana. Eka mbere hari n'abandi bari barikumiriye kubera ibicumuro vy'icese barimwo, none ubu bihanye, barasubira kwiyambika agahuzu k'ubukristu, barahabwa amasakramentu nk'uko bahora. Eka n'isakramentu ry'ikigongwe ryarahurumbiwe rwose, kandi rirafasha gusubiza hamwe. Ivyo vyose rero n'ibindi, tubikenguruke.

## II. Ivyo tutashitseko, n'inama nziza twokwigira

9. N'aho mwumva hari ivyamwa bitari bike dukenguruka, ku munsu nk'uyu ntitwibagire kwihebuka ngo dukure amakemwa, kugira ngo Imana Nyenimpuhwe n'ikigongwe igire aho imaniye, mu kudusasagariza umutekano n'amahoro bihumuriza bose. Mu kwugurura uno mwaka wa Yubire, twebwe Abungere banyu twari twipfujeko, uno Mwaka wohera Abarundi akaryo kadasanzwe k'ugusubiza hamwe, maze abashamiranye bose bakicara hamwe, bakavugana ukuri, bakagira ibiganiro nyavyo, bituma ingorane ziri mu gihugu zitorerwa umuti, kugira ngo Abarundi bose babeho mu mahoro n'umutekano bihumuriza bose. Tubanje gushima intambwe tugeze, dukengurukira n'abafashije bose ngo tuyigereko, na none ngo "umuvakuzimu ntagaya izuba", ntaworeka gushima yibutse ivyo twahitwemo, kuko ngo "imirazi iruta guhuma".
10. Ariko kandi bakunzi b'Imana, ko Imana muri uyu Mwaka yatwiyeretse nk'Imana yamanira impuhwe bose, na canecane abagowe, twubahuke twerekeze amaso ku bibwirijwe kutuvyurira umutima w'impuhwe, ngo dutere iyindi ntambwe, kandi tudatevye. Rabe haracari benewacu b'impunzi benshi bakigorewe mu gahinga, hanze y'igihugu. Akamo tubatera barakumva, mugabo bikabankira ko bohunguka, kuko bumva badahumuriye. Ubwo nta kibuze twohinyanyura? Rabe kandi, haba mu bari mu gihugu, canke mu bahunze, imitima y'abatari bake isa n'iyikidadaraye wumvirije ingene abantu bavuga; abatari bake baracitana abansi canecane mu barwanira ubutegetsu. Bisubiye, womengo Abarundi basigaye bavuga barabana ku kajisho nk'abarerekana, bagatinya kuvugira ukuri ku mugaragaro kuko bama bikeka uwo bari kumwe, kandi cari co gihe nyene c'ukuvuga ukuri, n'ukwakira kwa kuri gukiza, kugasubiza abantu hamwe. Biraboneka kandi ko hakiri mu Barundi abagishira imbere wa mutima w'ukwagirizanya akabi, uwundi akama ari we mubi be n'abo bari kumwe. Mukaba muzi namwe ko mwen'iyi ngwara iyo iteye, ata n'umwe yemera kwisubirako, kuko umwe wese aguma ari "ndi mwiza" nka wa musambi; kandi tugifise iyo ngwara y'ukwagirizanya, biragora ko abashwanye bicarana ngo basubize ibintu mu buryo, kuko atawicarana n'uwo yamaze kwita umwansi.
11. Ku munsu nk'uyu dukenguruka ikigongwe c'Imana, birabereye ko dusubira kwiyibutsa akarorero keza iyo Mana Munyakigongwe yaduhaye kugira ngo ibashe kudukiza. Igihe abavyeyi bacu bambere bayitera akagere, yaciye yihutira kuza kubingira ngo bagaruke mu bucuti bwayo. Ntivyahereye ngaho, nkuko Ijambo ry'Imana ribitubwira, yarabandanije kuza iraganira n'abantu itumye abahanuzi bayo mu buryo bwinshi, gushika n'aho irungika Umwana wayo ngo agume atuganiriza yigize umugenzi wacu, umuntu nkatwe. N'igihe abantu barimwo baragandagura Umwana yari yatumye ngo abakize, ntiyacitse inkokora, yihutiye nyabuna kwerekana umutima wayo w'ikigongwe, mu gutuma uyu Mwana wayo kubasabira ikigongwe, ata n'ikibi bemeye. Uko ni ko Imana Munyakigongwe yashoboye gukiza abantu n'isi yiremeye. Twebwe abantu biratugora gushika kuri urwo rugero, mugabo ku munsu nk'uyu umwe wese yemeye guca bugufi, agasaba Imana nka wa mwanditsi w'izabuli y'i 143,8, ati: "Bohora umutima wanjye", twobishikako.
12. Bavandimwe, mu gusozera uyu Mwaka w'ikigongwe, ndabatumiriyeye rero kwigira inama nziza y'ukubohoka ku mitima ngo twigane iyo Mana Nyenimpuhwe n'ikigongwe, mu kugira imitima yugurukiye abandi, kuko ni yo nzira y'urukiza rwacu. Nkuko Umuvyeyi wacu Papa aheruka kubitwibutsa, iyo umuntu agumye yiyugaraniye mu vyiyumviro vyawe, uretse ko bimugora gutegera ivyiyumviro vy'abandi, na we nyene ntaheza ngo abone mu mutima wiwe aho yokwibuka. Ahava mbere asanga yagiye mu bo Papa Fransisko yise "abanyororo batiyizi", igihe yariko aragirira Yubile abanyororo b'i Roma ku wa 6 Munyonyo 2016. Papa agira ati, kenshi abantu twibaza ko abari mu munyororo ari abakoze ibibi kuruta, ariko tukibagira ko na twebwe, naho tutari mu munyororo, turi abanyororo batiyizi, kuko iyo Imana iba yakora nka twebwe, ikama iduhana ku caha cose dukoze, twese yoduhereje mu mpimba kandi, nta n'umwe yoba acemera ko arenguka mu nyonga zayo ngo baganire mu masengesho. Nitwugurukire abandi rero kuko twese mu maso y'Imana turacumuranako. Papa abisigura ati: "Iyo umuntu yiyugaraniye mu mpome

*z'iviyumviro vyawe canke agashira imbere inyungu ziwe ahonyanze iteka ry'umuntu, nta kindi asanga yungutse atari ukwiyugaranira mu mpome z'ukuba nyamwigendako, hamwe n'iz'ukwibaza ko yikwiye, kandi atagifise ukuri kuvyara umwidgevye. Vyongeye, ukwishinga gutunga urutoko uwundi kuko yakozze ikibi, ntibishobora kuba urwitwazo rw'ukunyeyeza nawe ububi bwawe (Inyigisho ya Yubile y'abanyororo i Roma, ku wa 6/11/2016).*

13. None rero, dufashijwe n'iyi mpanuro y'Umuvyeyi wacu Papa, niduhebe gukomantaza imitima mu kwita abandi ababi tutokwubahuka kwegera kuko turi intore. Ko n'Imana muziragatosi yemeye kutwegera twebwe abantu mu bubu bwacu kugira ngo idukize, natwe nituyigane mu kuza turegerana ngo dusubize ibintu mu buryo. Ko twaje gushemeza Imana yatwugururiye umuryango w'ikigongwe, natwe nituyikengurukire mu kwugururira abandi imitima yacu y'ikigongwe, tugirire impuhwe abo bose bamereye nabi mu buryo bwinshi. Ni ho tuzoba tubaye abana ba Data wo mw'ijuru "we aha imvura ababi n'abeza", akitwararika n'ukuja kugarura intama zazimiye, kandi azitoye aho kuziryagagura, agaca agira umunsi mukuru.

### **III. Dusozerewe Umwaka w'ikigongwe ariko amarembo y'ikigongwe aguma yuguruye**

14. Bakristu muryango w'Imana, ni ko uyu munsi turasozereye Umwaka wa Yubile y'ikigongwe c'Imana nkuko uwawuduhaye yabitegekanije. Kandi n'ibimenyetso vyose vyawuranga birarangije igihe cavyo, uyu munsi nyene. Ariko umuryango w'ikigongwe c'Imana wowo uguma wuguruye, kuko Imana itigera yugara urugi rw'urukiza rwayo. Ibiganza vyayo vyama vyuguruye, ngo vyakire uwo wese agarutse mu ruhongore. Ni co gituma ntumiriye Banyenicubahiro Abungere bacu, eka n'abakristu bese, kubandanya bagaragaza ko akaranga ruberera kabereye Ekleziya yacu ari ukwama ari umuvyeyi w'impuhwe n'ikigongwe, umuvyeyi yama ahimbarwa n'ukwakira abasubiye mu ruhongore, akitwararika kandi n'ukurondera abazimiye ngo abashikirize urukiza.
15. Muri ubu Burundi bwacu na bwo, nitwame twibuka ko ijamba ry'Imana ridusaba kuba "umuco n'umwambiro w'isi", mu kuba nyene abanyakigongwe nka Data. Nyenubweranda Papa Fransisko ati: « Kenshi na kenshi biratugora kurekurira abandi! Ariko yamara, ukurekurira abandi ni bwo buryo dufise hafi na hafi mu biganza vyacu bigoyagoya, kugira tugire amahoro y'umutima. Kuvavanura n'inzigo, ishavu, ubukozi bw'ikibi n'ukwihorahorana, ni bwo buryo ngombwa bw'ukwibera mu mahoro. Nitwumve canecane ijamba rya Kristu we yagize ikigongwe n'imbabazi ihangiro ry'ubuzima be n'icemezo c'ukuri kw'ukwemera kwacu: "Hahiriwe abagirira ubuntu abandi, kuko na bo bazobugirirwa (Mt 5, 7)" »: (*Inyonga, n.9*).
16. Mu gusozerwa, turipfuriye umwe wese kurushirizaho kuba umunyakigongwe. Za nyigisho zatanze muri uno mwaka wose zikadufasha gutegera ikigongwe c'Imana n'ingene twoba abanyakigongwe, tuzoze turazigarukako kenshi. Ni co gituma mbere, kugira ngo tubibafashemwo, twategekanije kuronsa abaje baserukira amadiyoseze udutabo twa ya Nyigisho Papa yadushikiriza, kugira muzoze murayinovora mufise aho muyivoma hafi.
17. Bikira Mariya Muvyeyi w'impuhwe n'ikigongwe nabandanye aduherekeza mu rugendo turimwo hano kw'isi, kugira ngo ntitwigere duhengeshanya kwitaba akamo Kristu Mwami wa bese na vyose adutera, aho atubwira ati: "*Nimube abanyakigongwe nk'uko Data ari umunyakigongwe*" (*Luka 6, 36*). Imana nibahezagire mwese.

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 20 Munyonyo 2016

Kw'izina ry'Inama y'Abepiskopi  
Musenyeri Gerevazi BANSHIMIYUBUSA,  
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ngozi  
akaba n'Umukuru w'Inama y'Abepiskopi Katolika b'i Burundi.